



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Usar Tettahu

Penulis : Suwarsidi


Ilustrator: Dini Sabrina A



Usar Tetahu

Penulis : Suwarsidi

Ilustrasi : Dini Sabrina Awanis



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

USAR TETTAHU

Penulis : Suwarsidi
Ilustrator : Dini Sabrina Awanis
Penerjemah : Suwarsidi
Penyunting : Joko Sugiarto
Penata Letak: Hasti Ismalia

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-470-8 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic
ii, 32 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Ana bocah jenenge Usar Tettahu. Umure kira-kira 11 tahun. Usar bocah kang grapyak semanak, lugu, lan isih gampang owah gingsir atine. Marang wong tuwa, dheweke banget anggone kurmat. Marang kanca sabarakan, ora ambedak-bedakake. Mula, Usar akeh kancane. Ing sekolahan apa dene ing kampungge.

Usar duwe penemu yen kanca-kancane padha duwe jeneng apik-apik. Ana sing jenenge ngemperi jeneng wayang, upamane: Herjuna, Bima, lan Tetuka. Ana maneh sing ngemperi jeneng pahlawan, kayata: Sudirman, Dahlan, lan Hasyim. Uga akeh sing kaya jeneng artis kondhang, upamane: Janet, Renaldi, Ayu, lan Selvie. Sing ngemperi jenenge atlet kawentar ora sithik, kayata: Leonel, Messi, lan Ronaldo. Cekake, jenenge kanca-kancane Usar elok-elok tenan.

Usar kawitane ora nate nggagas marang jenenge dhewe. Suwe-suwe malik pikire. Mula bukane dheweke wiwit mikir bab jenenge, ana sebabe. Adat sabene kancane ngundang Usar marang dheweke. Ing sawijining wektu, kanca iku ngundang dheweke kanthi tembung Tahu. Undang-undangan kasebut nuwuhake kanca-kanca liyane ngguyu cekikikan.

Geneya banjur padha ngguyu? Wektu iku Usar ora ngerti sebabe. Wiwit dina iku uga, kanca-kancane kabeh padha ngundang *Tahu* marang Usar.

Ada anak bernama Usar Tettahu. Usar berusia kira-kira 11 tahun. Usar adalah seorang anak yang ramah terhadap semua orang. Kepada orangtua, Usar sangat hormat. Terhadap teman sebaya, ia tidak membedakan satu dengan lainnya. Oleh karena itu, Usar banyak temannya, baik di sekolah maupun di rumah.

Usar berpendapat bahwa teman-temannya itu memiliki nama yang bagus-bagus. Ada yang namanya mirip nama tokoh dalam pewayangan, misalnya: Harjuna, Bima, dan Tetuka. Ada lagi yang mirip namanya dengan nama para pahlawan, misalnya: Sudirman, Dahlan, dan Hasyim. Selain itu, ada yang memiliki nama seperti nama artis, yaitu: Janet, Renaldi, dan Ayu. Yang memiliki nama mirip atlet kondang juga banyak, misalnya: Leonel, Messi, dan Ronaldo. Singkat cerita, nama teman-teman Usar keren-keren.

Semula Usar tidak mempersoalkan nama dirinya. Akan tetapi, lama-lama pikirannya berubah. Asal mula ia mulai berpikir tentang nama, ada sebabnya. Selama ini teman-teman memanggilnya Usar. Tiba-tiba mereka memanggil Usar dengan panggilan Tahu. Panggilan tersebut menyebabkan teman-teman yang lain tertawa. Mengapa mereka memanggilnya demikian? Waktu itu Usar belum tahu sebabnya. Sejak hari itu juga, teman-teman memanggilnya dengan panggilan *Tahu* kepada Usar.

Hiya wiwit iku, Usar bingung geneya wong tuwane awèh jeneng kasebut. Usar kuwi tegese apa, Tettahu uga tegese apa? Gek kanca-kancane yen ngundang dheweke keprungu wagu ing kuping.

Usar ngerti geneya kanca-kancane nggeguyu dheweke merga ana keterangan saka Bu Guru. Miturut Bu Guru, tahu iku jenenge panganan kang digawe saka pathi kedhele. Regane tahu iku murah. Dene olah-olahan tahu maneka warna. Ana kang olahane cara digoreng ngono wae. Ana sing dibacem. Uga ana sing tenggah diseseli thokolan banjur digoreng. Iku jenenge tahu susur. Uga ana kang digawe janganan pedhes. Kejaba iku ana sing dijangan gurih, jenenge besengek.

Bu Guru ngeman amarga akeh bocah-bocah saumurane Usar ora seneng maem tahu. Bocah-bocah kandha yen tahu rasane aneh, ora enak, lan kalakala krasa pait ing ilat.

Beda karo rasane *fried chicken*, *burger*, sosis, lan *nugget*. Kandhane, kabèh iku rasane enak banget. Jarene panganan-panganan iku gaweane wong luar negeri. Apa wae sing mambu-mambu karo luar negeri bisa marakake ngumpulke gengsi. Ngono anggepe.

Sejak itu pula Usar mulai bingung dan bertanya-tanya mengapa namanya Usar Tettahu. Usar itu artinya apa, Tettahu juga apa? Usar merasa aneh terhadap namanya sendiri.

Akhirnya, Usar pun tahu mengapa teman-temannya mentertawai namanya. Menurut Bu Guru, tahu itu nama makanan yang dibuat dari sari kedelai. Tahu termasuk makanan murah. Tahu dapat diolah menjadi aneka makanan. Ada yang digoreng begitu saja. Ada yang dibuat bacem. Ada juga yang bagian tengah disisipi tauge, lalu digoreng. Yang ini namanya tahu susur. Ada lagi yang dibuat sayur pedas. Selain itu, ada yang dibuat menjadi besengek.

Bu Guru menyayangkan hal itu karena anak-anak seusia Usar banyak yang tidak berselera makan tahu. Anak-anak tersebut mengatakan bahwa tahu rasanya aneh, tidak enak, dan kadang-kadang terasa pahit.

Beda halnya dengan rasa *fried chicken*, *burger*, sosis, dan *nugget*. Menurut mereka, makanan tersebut sangat enak. Katanya, makanan tersebut buatan luar negeri. Apa pun yang berbau luar negeri bisa menaikkan gengsi. Begitulah anggapan mereka.

Senajan regane larang, bocah-bocah tetep gelem tuku panganan kasebut. Bu Guru rumangsa prihatin marang bab iki. Geneya bocah-bocah seneng marang panganan saka luar negeri. Dene, karo panganan gaweane bangsane dhewe ora sudi. Wiwit dina iku uga, Usar lagi ngerti geneya kanca-kancane nggeguyu jenenge.

“Oh, dadi, tahu kuwi jenenge panganan. Panganan ora enak.”

Usar banjur rumangsa sengit marang jenenge dhewe. Jalaran tahu mono klebu barang kang kuna, ora modern. Ngono penemune.

“Ah, jenengku ngemperi jenenge panganan sing ora aji!” pangudasane. Usar rumangsa isin yen diundang Tahu dening kanca-kancane. Usar kepengin nyumpeli kupinge nganggo apa wae supaya ora krungu.

“Hu, Tahu. Mrene, dolan kene!” pangundange salah sijine kanca. Bocah iku jenenge Zidane. Undang-undangane Zidan utawa Zid. Nalika diundang mangkono, Usar ethok-ethok ora krungu. Mlaku gleler-gleler ninggal papan kono, ngedoh saka kanca-kancane.

Meskipun mahal harganya, anak-anak tersebut tidak merasa keberatan membelinya. Bu Guru merasa prihatin dengan hal itu. Terhadap makanan dari luar negeri, mereka merasa cocok. Akan tetapi, terhadap makanan buatan bangsa sendiri mereka justru tidak suka. Sejak saat itu, Usar jadi tahu mengapa teman-temannya mengejek namanya.

“Oh, jadi, tahu itu nama makanan. Makanan tidak enak.”

Usar pun mulai merasa benci terhadap namanya sendiri. Itu karena ia pun merasa bahwa tahu adalah makanan yang kuna, tidak modern. Begitu pendapatnya.

“Ah, namaku mirip nama makanan yang tidak ada harganya!” batinnya. Oleh karena itu, Usar merasa benar-benar malu jika teman-temannya memanggil Tahu padanya. Seakan-akan ia ingin menyumbat telinganya menggunakan apa saja. Yang penting telinganya tidak bisa menangkap panggilan tersebut.

“Hu, Tahu. Sini! Kita berkumpul di sini!” panggil salah satu temannya. Anak itu bernama Zidane. Panggilan dia Zidan atau Zid. Saat dipanggil seperti itu, Usar pura-pura tidak mendengar. Usar berjingkat meninggalkan tempat itu.



“Jeneng kang ora cetha!” grenenge. Usar wiwit ngangen-angen saumpama duwe jeneng liya. Upamane wae: Bima. Kancane bisa ngundang kanthi ucapan Bim. Apik! Upama jenenge Arnold ngono saya seneng atine. Amarga jeneng kasebut keprungu modern.

Bab jeneng kuwi, Usar nate takon marang Bu Umi, yaiku simbah putrine. Uti, ngono yen usar ngundang simbahe kuwi. Uti kuwi cekakan saka mbah putri. Dene arep takon karo wong tuwane dhewe, Usar ora bisa. Wong tuwane loro wus seda nalika Usar lagi umur limang tahun. Saiki Usar urip mung karo Bu Umi, simbahe. Simbah kakunge uga wus katimbangan luwih dhisik katimbang wong tuwane.

“Uti, jeneng kula kathik Usar Tettahu niku priipun mula bukane? Usar niku napa? Gek tahu niku napa nggih leres jeneng panganan? Kok raosipun aneh, lucu, ugi damel isin?” pitakone marang Uti. Mripate brabak tandha yen Usar sedhih atine.

“Jeneng kok elek temen. Ora kaya kanca-kanca. Apik-apik kaya jenenge penyanyi utawa bintang film,” tembunge sabanjure. Kaya-kaya mung dituju marang awake dhewe.

“Nama yang tidak jelas!” batinnya. Usar pun mulai berandai-andai memiliki nama lain. Bima, misalnya, sehingga teman-temannya bisa memanggilnya Bim. Lebih senang lagi kalau punya nama Arnold karena terasa lebih modern.

Mengenai nama dirinya tersebut, Usar pernah bertanya kepada Bu Umi, yaitu neneknya. Untuk bertanya kepada orangtuanya jelas tidak mungkin. Keduanya sudah meninggal ketika Usar berumur kira-kira lima tahun. Sekarang ini Usar hidup berdua dengan neneknya. Kakeknya pun sudah meninggal. Kepada Bu Umi, Usar mempunyai kebiasaan memanggil dengan panggilan Uti. Itu kependekan dari simbah putri yang artinya sama dengan nenek.

“Uti, bagaimana asal mula saya diberi nama Usar Tettahu? Apa arti Usar? Apa benar tahu itu nama makanan? Rasanya saya jadi lucu dan malu.” Mata Usar berkaca-kaca. Hatinya sedih.

“Nama saya jelek. Tidak seperti nama teman-teman. Nama mereka bagus-bagus, seperti nama penyanyi atau bintang film,” katanya. Seakan-akan perkataan itu hanya ditujukan kepada dirinya.

Bu Umi unjal ambegan, banjur gumujeng lirih lan awew wangsulon. “He...he...he.... Elek kepriye? Jeneng kuwi apik dhewe sadonya, ya, Le! Jenengmu kuwi hiya mung kowe sing duwe sadonya! Jenengmu dadi cathetan sejarah wigati tumrap kulawarga lan ngandhut donga.

Usar kaget, banjur atine saya kebak pitakon. Banjur takon marang sapa? Bu Umi dhewe ora gelem walah. Saben-saben Usar takon, Bu Umi malah kembang-kembang luh paningale. Kalkala uga malah nangis.

Ing sawiji dina Usar matur marang Simbah Putri. Nalika iku, Bu Umi lagi ubek nginteri kedhele kanggo gawe tempe. Kedhele diinteri mengku pamrih kanggo nyingkirake rereged. Rereged kaya dene wedhi, krikil, cuwilan kayu, lan liya-liyane.

Bu Umi iku ing jaman biyen sawijining perajin tempe lan tahu kawentar ing wewengkon Kapanewon Sewon, Kabupaten Bantul, Ngayogyakarta. Bu Umi kerep entuk pesenan tempe lan tahu. Wektu iku Bu Umi kepara kabotan ngayahi pesenan.

Bu Umi ngambil napas panjang lalu tertawa dan memberikan jawaban pelan-pelan. “He...he...he.... Jelek bagaimana? Nama itu terbaik sedunia, Nak! Nama itu hanya kamu yang punya. Sedunia! Nama kamu menjadi catatan sejarah penting bagi keluarga dan mengandung doa.”

Usar terkejut, lalu bertanya dalam hati. Lalu, bertanya kepada siapa? Bu Umi tidak mau memberikan jawaban. Setiap Usar bertanya, Bu Umi berkaca-kaca matanya. Kadang, Bu Umi menangis karena sedih.

Pada suatu hari Usar bertanya kepada Nenek. Saat itu, Bu Umi sedang sibuk membersihkan kedelai sebagai bahan pembuat tempe. Kedelai diayak dengan tujuan untuk membersihkan kotoran. Kotoran itu bisa berupa butiran pasir, batu-batu kecil, serpihan kayu, dan sebagainya.

Bu Umi dahulu adalah seorang perajin tempe dan tahu yang terkenal di Kecamatan Sewon, Kabupaten Bantul, Yogyakarta. Bu Umi sering mendapat pesenan tempe dan tahu. Waktu itu Bu Umi kewalahan melayani pesenan.

Saiki usahane Bu Umi gawe tempe wus surut. Gawe tempe mung kanggo dimaem dhewe. Usaha gawe tahu uga wis leren mula Usar durung nate maem tahu. Wiwit Usar isih umur limang tahun, Bu Umi ora gawe lan ora dhahar tahu.

“Uti, menawi kula nyuwun gantos jeneng pripun, nggih?” Usar celathu marang Bu Umi. Matur ngono karo dolanan lato-lato. Suwarane lato-lato keprungu sora. Thok-thek, thok-thek.

Bu Umi leren anggone nginteri kedhele. Bu Umi kaget. Tampah sing diagem nginteri kedhele diselehake ing lincak. Astane ngranggeh pundhake Usar kang banjur leren anggone dolanan. Sirahe Usar dielus-elus kanthi kebak rasa welas asih. Bu Umi ngendika alon lan alus.

Sekarang usaha milik Bu Umi telah surut. Bu Umi membuat tempe hanya untuk dikonsumsi sekeluarga. Usaha pembuatan tahu pun berhenti sehingga Usar belum pernah makan tahu. Sejak Usar umur lima tahun, Bu Umi tidak membuat dan tidak makan tahu

“Uti, kalau saya berganti nama bagaimana?” tanya Usar kepada Bu Umi sambil bermain lato-lato. Thok-thek-thok-thek. Bunyi lato-lato terdengar keras.

Bu Umi berhenti dari pekerjaannya membersihkan kedelai. Tampak wajahnya menunjukkan rasa terkejut. Tampah sebagai alat untuk membersihkan kedelai diletakkannya di atas lincak. Pelan tangannya meraih pundak cucunya itu. Usar menghentikan permainannya. Bu Umi berbicara dengan lembut, penuh kasih, sambil mengelus-elus pundak cucunya.

НАНРАТНАНА!
НАНРАТНАНА!



“Jenengmu kuwi wis apik, Le. Jeneng kuwi saka asile rembugan kulawarga. Rembugan antarane swargi bapak-ibumu, aku, lan mbah kakungmu swargi. Ora...Aja ganti jeneng! Ganti jeneng kuwi ora gampang. Kepara ora bisa kelakon. Jenengmu wis mlebu ing cathetane negara! Angel! ”

“Ning, kula isin. Jeneng kok kados jeneng panganan boten enak, panganan kuna, tahu!”

“Apa kuwe wis nate ngrasakake maem tahu?”

“Dereng!”

“Nah, sapa sing kandha yen tahu kuwi ora enak?”

“Kanca-kanca, Uti!”

“Apa kanca-kancamu sing kandha iku uga wis nate maem tahu?”

“Boten ngertos. Ning sami criyos menawi tahu niku panganan boten eca. Malah kepara pait. Mila sami boten remen maem tahu. Kanca-kanca langkung remen dhateng panganan impor.”

“Nah, kanca-kancamu mung crita. Kowe durung weruh kancamu-kancamu maem tahu. Kowe dhewe durung nate maem tahu. Nanging wani kandha yen tahu ora enak. Kuwi jenenge pitenah.

“Namamu itu sudah bagus, Nak. Nama itu muncul dari hasil musyawarah kami sekeluarga. Musyawarah antara almarhum ayah-ibumu, aku, dan almarhum kakekmu. Jangan berganti nama, ya! Apalagi, berganti nama itu tidak mudah, tidak sesederhana yang kamu bayangkan. Bahkan, berganti nama itu sesuatu yang mustahil. Namamu sudah dicatat dalam catatan pemerintah. Sungguh mustahil!”

“Tapi saya malu, Nek. Namaku seperti nama makanan yang tidak enak, makanan kuna, tahu!”

“Apakah kamu sudah pernah makan tahu?”

“Belum.”

“Nah, siapa yang mengatakan bahwa tahu itu tidak enak?”

“Teman-teman, Uti!”

“Apakah teman-temanmu yang berkata begitu itu juga sudah pernah makan tahu?”

“Tidak tahu. Namun, mereka mengatakan bahwa tahu itu makanan yang tidak enak. Pahit! Jadi, mereka tidak suka makan tahu. Teman-teman lebih suka makan makanan impor.”

“Nah, teman-temanmu hanya bercerita. Kamu belum pernah melihat teman-temanmu makan tahu. Kamu sendiri belum pernah makan tahu. Akan tetapi, kalian berani mengatakan bahwa tahu itu tidak enak. Itu namanya fitnah.

Pitenah luwih kejem tinimbang gawe raja pati. Ngonono ngendikane ustad-ustad ing pengajian kae. Wis, aja duwe pepenginan ganti jeneng!”

Bu Umi mbacutake anggone nginteri kedhele. Paningale katon kembeng-kembeng luh. “Sesuk yen wus tekan titi wancine, bakal dakcritakake sejarane jenengmu kuwi, Le. Yen saiki durung bisa. Atiku durung mentala nyritakake.”

“Estu, Uti?”

Bu Umi manthuk-manthuk. Lambene digeget. Katon yen atine ngampet rasa. Usar ngruket kenceng Bu Umi. Sing diruket tumetes luhe ndlewer ing pipi.

Fitnah lebih kejam dari pembunuhan. Begitu kata ustaz-ustaz di pengajian. Sudahlah, jangan punya keinginan berganti nama!”

Bu Umi melanjutkan pekerjaannya membersihkan kedelai. Matanya berkaca-kaca.

“Besok kalau sudah tiba saatnya, akan kuceritakan asal-muasal namamu itu. Sekarang belum bisa. Hatiku belum kuat untuk bercerita tentang hal itu.”

“Benar Uti?”

Bu Umi mengangguk-angguk. Bu Umi menggigit bibirnya. Tampak bahwa Bu Umi menyembunyikan beban berat di hatinya. Usar memeluk erat Bu Umi. Yang dipeluk meneteskan air mata. Air mata mengalir ke pipi.

Bu Umi lenggah ing lincak. Pasuryane katon suntrut pratandha yen sedhih atine. Astane tengen nyekel sendhok. Dene asta kiwa nyekel cangkir putih. Cangkir iku wus malih rupa dadi coklat. Cangkir iku wus lawas banget. Bu Umi saiki wus ora kober tuku cangkir anyar. Bu Umi ora duwe dhuwit kang cukup kanggo tuku cangkir anyar.

Wedang ing cangkir diudhak-udhak nganggo sendhok. Tumbuh suwara kluthik-kluthik. Cangkir banjur diselehake ngono wae ing iring tengene.

“Weh, nek kesenggol malah bilahi. Semuntak, Usar ora sida ngombe wedang legi. Kamangka gulane wus entek. Arep tuku maneh, ora nyekel dhuwit,” grenenge karo unjal ambegan.

Pancen Usar kuwi arang-arang ngombe wedang legi. Jalaran Bu Umi ora bisa tuku gula sawanci-wanci. Dhuwite pancen cumpen. Ora duwe pemetu kang gumathok. Mung njagakake wulu wetu kebon. Kebon tinggalane Pak Dulah suwargi. Pak Dulah iku sisihane kang wus seda sawetara suwene.

Pada suatu hari, Bu Umi duduk di lincak. Tampak sedih. Tangan kanannya memegang sendok. Tangan kirinya memegang cangkir putih. Cangkir putih itu sudah berubah warna mejadi coklat. Itu karena cangkir sudah usang. Bu Umi sekarang sudah tidak mampu membeli cangkir yang baru. Ia tidak memiliki cukup uang untuk membeli cangkir baru. Uang habis untuk mencukupi keperluan lain.

Air dalam cangkir diaduk-aduk dengan sendok. Timbul bunyi *klutik-klutik*. Sejurus kemudian, cangkir diletakkannya begitu saja di sebelah kanannya.

“Ah, kalau tersenggol bisa celaka. Tumpah, Usar tidak jadi minum teh manis. Padahal, gula persediaan telah habis. Akan membelinya lagi, sudah tidak punya uang,” ujarnya pelan sambil mengambil napas panjang.

Memang Usar sudah jarang minum teh manis. Bu Umi tidak mampu lagi membeli gula sewaktu-waktu. Persediaan uangnya terbatas. Ia tidak memiliki penghasilan yang pasti. Ia hanya bisa berharap kepada hasil kebun. Kebun warisan almarhum suaminya, Pak Dulah. Suaminya itu sudah meninggal beberapa waktu lampau.

Hiya saka kebon iku Bu Umi bisa ngragati sekolah Usar. Bisa ngupakara Usar. Mung saka anggone dodolan godhong gedhang kluthuk, godhong tela karet, gedhang ambon, gedhang kepok, krambil, lan sapanunggalane.

Kala-kala oleh pesenan tempe saka wong kang arep duwe gawe. Yen mangkene iki, Bu Umi bisa oleh asil lumayan. Saya akeh pesenane wong sing bakal duwe gawe kuwi, asile saya akeh. Nanging, oleh pesenan ngono kuwi arang-arang banget.

“Gek Usar iki ing ngendi...?” grenenge karo lingak-linguk. Banjur ngadeg, mlaku menyang ngarep omah. Pandulune ngalor-ngidul. Sajake nggoleki Usar, putune lanang ontang-anting.

Dina kuwi Bu Umi kepengin crita bab kang banget wigati. Ora liya ngenani sejarah jenenge Usar Tettahu. Bu Umi bakal waleh, geneya putune lanang kang siji thil kuwi dijenengake mangkono.

Sasuwene iki, Usar ora nganggep perkara tumrap jenenge, Usar Tettahu. Bareng saya gedhe, adoh dolane, akeh srawunge, kanyata banjur mletik pikire. Sawetara wektu kepungkur, Usar takon bab sejarah jenenge. Usar rumangsa aneh marang jenenge dhewe.

Dari hasil kebun itulah Bu Umi bisa membiayai sekolah Usar. Ia bisa merawat Usar dari hasil kebun itu. Itu pun hanya dari hasil penjualan daun pisang, daun ketela, buah pisang ambon, pisang kepok, kelapa, dan sebagainya.

Kadang-kadang ada pesanan tempe dari tetangga yang hajatan. Kalau demikian itu, hasilnya lumayan. Semakin banyak orang memesan tempe kepadanya, semakin banyak hasil ia peroleh. Akan tetapi, hal demikian jarang terjadi.

“Ah, Usar di mana, ya...?” katanya lirih sambil menengok ke sana- ke sini. Ia berdiri kemudian berjalan ke depan rumah. Pandangan matanya disebar ke segala penjuru. Tampaknya ia mencari Usar, cucu satu-satunya.

Hari ini Bu Umi ingin bercerita tentang hal yang sangat penting kepada cucunya itu. Tidak lain tentang asal-usul nama Usar Tettahu. Bu Umi akan bercerita apa adanya mengapa cucunya itu diberi nama demikian.

Selama ini, Usar tidak mempermasalahkan nama dirinya, Usar Tettahu. Setelah bertambah umurnya, makin jauh bermainnya, makin banyak bergaul, ternyata semakin terbuka pikirannya. Beberapa waktu lalu, Usar mempertanyakan asal-usul namanya. Usar merasa namanya aneh.

Cangkir isi wedang iku banjur dielih ing meja ngarepe. Meja iku uga digawe saka pring. Lincak lan meja iku tinggalane swargi garwane, Pak Dulah uga. Biyen lincak lan meja iku mung diseleh ing kebon kanggo ngisis.

Saiki Bu Umi wis ora duwe meja kursi apik kaya biyen. Lincak lan meja pring digawa mlebu ngomah. Meja kursi sing apik wis diedol kabeh kanggo nragati uripe karo putune. Uga kanggo wragat sekolahe Usar.

“Ben wae bandhaku entek. Sing wigati putuku bisa sekolah, bisa pinter. Nek wis pinter muga-muga bisa nyambut gawe kang bayare gedhe lan ora gampang diapusi. Sing wigati maneh, aja nganti kapinterane kanggo minteri wong liya!” pangudarasane Bu Umi.

“Yen ora oleh gawean, bisaa miwiti usaha gawe tempe lan tahu. Supaya panjangkane Sinar Wiwaha, anake lanang, hiya bapake Usar, bisa kasembadan,” angen-angene Bu Umi sawanci-wanci.

Cangkir berisi teh manis itu dipindahkannya ke meja. Meja itu dibuat dari bambu. Lincak dan meja itu warisan almarhum Pak Dulah suaminya. Dulu lincak dan meja itu hanya diletakkan di kebun untuk mencari udara segar.

Sekarang ia sudah tidak memiliki meja kursi yang bagus, meja dan lincak dibawa masuk ke rumah. Meja dan kursi yang bagus telah dijualnya untuk biaya hidup berdua dengan cucunya. Selain itu juga untuk biaya sekolah Usar.

“Biar saja hartaku habis. Yang penting cucuku bisa bersekolah, bisa menjadi orang pintar. Kalau sudah begitu, semoga bisa bekerja dengan gaji besar dan tidak mudah ditipu. Lebih penting lagi, kepintaran hendaknya tidak untuk memperdaya orang lain!” pikir Bu Umi.

“Jika tidak bisa mendapat pekerjaan, semoga dia bisa merintis kembali usaha pembuatan tempe dan tahu. Dengan demikian, cita-cita Sinar Wiwaha, anak laki-lakinya, ayah Usar, bisa tercapai,” harapan Bu Umi setiap saat.

Gawang-gawang Bu Umi kelingan lelakone biyen tekan saiki. Biyen uripe mulya lan bandhane mayuta-yuta. Rikala semana dheweke dadi juragan merga bojone duwe perusahaan tempe lan tahu. Pak Dulah, bojone Bu Umi, duwe sawah lan pekarangan jembar-jembar. Ingon-ingone sapi akeh, omahe apik lan prabote uga apik-apik.

Sapine Pak Dulah kejaba dipakani suket uga dipakani ampas tahu. Ampas tahu sing biasane dibuang wong liya, karo Pak Dulah dianggo pakan. Kanyata, sapine lemu banget. Mulane, Pak Dulah dadi juragan sugih mblegedhu.

Bu Umi ngeling-eling marang lelakon uripe sakulawarga ing wektu kawuri. Uripe seneng merga sugih. Bu Umi samsaya seneng amarga duwe anak lanang kang arane Sinar Wiwaha.

Sinar Wiwaha iku tuhu bocah kang luhur ing budi. Kejaba iku, dheweke uga pinter sekolahe. Mula, senajan ora kepara bagus, akeh bocah wadon sing tresna. Pungkasane, Sinar Wiwaha kepranan marang salah sijine, yaiku Sunthi. Sinar Wiwaha lan Sunthi banjur urip bebrayan.

Terbayang dalam benak Bu Umi perjalanan hidupnya dari dulu sampai sekarang. Dulu hidupnya makmur dan hartanya berjuta-juta. Saat itu beliau menjadi juragan karena suaminya memiliki perusahaan tempe dan tahu. Pak Dulah, suami Bu Umi, memiliki sawah dan pekarangan luas. Ternak sapi banyak, rumahnya bagus dan perabotannya pun bagus-bagus.

Sapi milik Pak Dulah selain diberi pakan rumput juga diberi ampas tahu. Ampas tahu yang biasanya dibuang perajin tahu, oleh Pak Dulah dijadikan pakan. Oleh karena itu Pak Dulah menjadi juragan kaya raya.

Bu Umi mengingat perjalanan hidup keluarganya pada waktu itu. Kehidupan keluarganya bahagia karena kaya. Bu Umi semakin bahagia karena memiliki anak laki-laki yang bernama Sinar Wiwaha.

Sinar Wiwaha adalah anak yang saleh. Selain itu, dia anak yang pandai. Oleh karena itu, meskipun tidak tampan, banyak gadis yang menyukainya. Akhirnya, Sinar Wiwaha pun menikah dengan salah satu dari mereka, yaitu Sunthi namanya. Keduanya pun menikah.



Sinar Wiwaha lan Sunthi sabiyantu mekarake usaha gawe tempe lan tahu. Kekarone pancen lulusan universitas sing jurusane ing bab kewirausahaan. Mulane, usaha tempe lan tahu saya ngrembaka, saya gedhe. Karyawane cacah puluhan.

Usaha gawe tempe tahu kasebut bisa awèh tetulung marang warga. Akeh warga sakiwa tengen kampung bisa jejeg ekonomine. Iku merga padha buruh ing pabrike Pak Dulah.

Bu Umi sakulawarga temen-temen seneng uripe. Uripe saya seneng nalika Sunthi, mantune, matur yen wis nggarbini. Ateges Bu Umi bakal duwe putu. Dadi, omahe kang gedhe kuwi bisa rame ora sepi. Rame merga tangis lan guyune bocah-bocah, yaiku putu-putune.

Titi wancine wus teka Sunthi nglairake jabang bayi lanang. Bayi kang bagas waras. Awake nyempluk. Tangise sora. Bayi iku banjur dijenengake Usar Tettahu.

Sinar Wiwaha dan Sunthi membantu mengembangkan usaha tempe dan tahu. Keduanya lulusan universitas dengan jurusan kewirausahaan. Oleh karena itu, usaha tempe dan tahu semakin berkembang. Karyawannya berjumlah puluhan orang.

Usaha membuat tempe dan tahu itu ikut menolong warga. Warga sekitar bisa makmur. Hal itu karena banyak yang menjadi buruh di pabrik Pak Dulah.

Bu Umi sekeluarga benar-benar bahagia. Hidupnya semakin bahagia tatkala Sunthi, menantunya, mengabarkan bahwa ia telah hamil. Artinya, Bu Umi akan segera mempunyai cucu. Jadi, rumah yang besar itu akan ramai, tidak sepi. Ramai oleh tangisan dan tawa cucu-cucunya.

Saatnya telah tiba Sunthi melahirkan anak laki-laki. Bayi sehat. Badannya padat berisi. Tangisnya keras. Bayi itu diberi nama Usar Tettahu.

“Kathik jenenge putuku kaya ngono ta, Le? Yen dirungu, ora sreg. Mbok njupuk jeneng wayang, upamane: Tetuka, apa Sadewa, ngono,” pratelane Bu Umi.

“Nggih, Bu. Thole kula jenengke Usar Tettahu. Niku kebak pangangen-angen sae dhateng anak kula,” wangsulane Sinar Wiwaha.

Pak Dulah uga ora beda penemune karo Bu Umi. Usar Tettahu pancen jeneng sing aneh. Pak Dulah uga kurang sreg marang jeneng iku. Beda karo Bu Umi, Pak Dulah usul jeneng kaya asmane nabi-nabi. Ahmad utawa Yusuf kanggo putune.

Kantheni tembung alus, ora nglarakke ati, Sinar Wiwaha lan Sunthi banjur nerangake. Aweh keterangan geneya jenenge anake mangkono.

“Usar, Bapak Ibu mesthi priksa maknanipun,” ature Sinar marang wong tuwane. “He...he... malah aneh yen ibumu karo aku ora ngerti tegese usar!” pratelane Pak Dulah karo ngguyu, “Kuwi jenenge ragi tempe!”

“Duh, mengapa cucuku kauberi nama demikian, Nak? Rasanya tidak enak didengar. Mengapa tidak mengambil nama dari tokoh wayang saja, misalnya: Tetuka atau Sadewa, begitu?” tanya Bu Umi. “Ya, Bu. Bayi ini saya beri nama demikian. Nama itu penuh dengan harapan baik baginya,” jawab Sinar Wiwaha.

Pak Dulah senada pendapatnya dengan Bu Umi. Menurutnya, Usar Tettahu memang nama yang aneh. Ia juga merasa kurang pas terhadap nama tersebut. Sedikit berbeda dengan pendapat Bu Umi, Pak Dulah ingin agar cucunya itu diberi nama seperti nama nabi-nabi. Misalnya Ahmad atau Yusuf.

Dengan kata-kata halus, tidak menyinggung perasaan, Sinar Wiwaha dan Sunthi menjelaskan tentang nama anaknya.

“Usar, Bapak tentu tahu artinya,” ucap Sinar ke orang tuanya. “He...he...malah aneh kalau aku dan ibumu tidak tahu arti kata usar!” kata Pak Dulah sambil tertawa, “Itu nama ragi tempe!”

“Nggih, Pak, leres. Tanpa usar, kedhele boten saged dados tempe. Kula nggadahi pepenginan supados anak kula dados tiyang ingkang migunani. Benjing anak kula dadosa tiyang ingkang remen nggenepi kekuranganing sanes. Napa-napa sing boten beres, dados beres dening anak kula.

Tettahu niku cekakan saking tempe tambah tahu. Tegesipun, kula kepengin benjing anak kula nglajengaken usaha damel tempe lan tahu. Dheweke boten namung nglajengaken naging ugi majengaken. Usaha tempe lan tahu mugimu-mugimu saya mekar.

Lare menika ing pangajab saged ngembangaken perusahaan kanthi cara-cara modern. Upaminipun tempe lan tahu diolah ngangge mesin modern saha dipun ekspor. Kejawi menika, sinten ngertos anak kula benjang saged damel tempe tahu kalengan. Lajeng kakentun dhateng luar negeri. Kula ugi nggadahi pepenginan sageda tempe lan tahu ngawonaken produk sanes.

Kula kepengin ing wekdal ngajeng tempe lan tahu nggadahi raos werni-werni. Satemah lare-lare langkung remen maem tempe lan tahu katimbang panganan saking manca!” Bu Umi lan Pak Dulah pungkasane sarujuk marang jenenge putune, Usar Tettahu. Keterangane Sinar Wiwaha maremake penggalihane Pak Dulah lan Bu Umi.

“Benar, Pak. Tanpa usar, kedelai tidak akan menjadi tempe. Saya ingin agar anak ini menjadi orang yang berguna. Kelak, semoga anak ini senang melengkapinya kekurangan bagi orang lain. Apa pun yang tidak beres, semoga bisa dibereskan oleh anak ini.

Tettahu itu singkatan dari tempe tambah tahu. Saya ingin agar anak saya ini bisa melanjutkan usaha kita membuat tempe dan tahu. Dia tidak hanya melanjutkan, tetapi juga memajukan, mengembangkannya. Semoga usaha tempe dan tahu semakin berkembang.

Anak ini diharapkan dapat mengembangkan perusahaan dengan cara modern. Seperti tempe dan tahu yang diolah menggunakan mesin modern dan diekspor. Selain itu, siapa tahu, dia nantinya bisa membuat tempe dan tahu dalam kemasan kaleng. Lalu produk itu bisa dikirim ke luar negeri. Saya ingin agar tempe dan tahu bisa mengalahkan produk makanan yang lain.

Saya ingin agar ke depan tempe dan tahu memiliki berbagai pilihan rasa. Dengan demikian, anak-anak lebih suka makan tempe dan tahu daripada produk makanan impor!” Akhirnya, Bu Umi dan Pak Dulah menyetujui nama cucunya, Usar Tettahu. Penjelasan Sinar Wiwaha memuaskan hati Pak Dulah dan Bu Umi.

Usar Tettahu tuwuh dadi bocah bagus, sumeh, katon pinter, lan gathekan. Diajari apa-apa cepet bisa. Nembang utawa nyanyiane bocah TK akeh sing apal. Nalika iku Usar ngancik umur limang tahun kang lagi lucu-lucune lan nggemesake. Bu Umi temen-temen urip kanthi kebak ing kamulyan.

Mripate Bu Umi kembang-kembang. 'Wong urip kaya rodha', mangkono unen-unen saka para pinisepuh. Tegese, nasibe wong mono ora ajeg. Sawijining wektu ana ing dhuwur, tegese nasibe apik. Duwe pangkat dhuwur, duwe bandha akeh. Sawijining wektu, ana ngisor. Tegese nasibe ora begja. Kurang pangan, kurang bandha, pangkate asor, lan sateruse.

Mulane, welinge simbah-simbah wong mono kudu tansah eling. Aja umuk yen lagi duwe nasib apik, ana ing dhuwur. Wong umuk utawa gumedhe iku ora becik. Yen lagi apik nasibe, kudu tansah eling menawa sawanci-wanci bisa wae nasibe malik. Kudu akeh syukur. Wong sing akeh syukur mono bakal katambah-tambah kenikmatane dening Pangeran.

Yen lagi nemahi nasib apes, sangsara, ora kena nelangsa. Apa maneh banjur nyalahke wong liya, nyalahke Sing Kuwasa. Ora kena!

Usar Tettahu tumbuh menjadi anak yang tampan, ceria, pintar dan mudah menerima pelajaran. Dilatih apa pun Usar Tettahu segera bisa menguasainya. Lagu-lagu anak TK banyak yang dihapalnya. Usar Tettahu menjadi anak yang lucu. Tingkahnya menggemaskan. Bu Umi benar-benar hidup penuh kemuliaan.

Mata Bu Umi berkaca-kaca. "Kehidupan manusia bagaikan roda. Begitulah menurut pendapat para orang tua. Artinya, nasib seseorang itu mudah berubah. Suatu saat ada di posisi atas atau bernasib baik. Ia punya pangkat tinggi, punya harta melimpah. Di saat lain hidupnya berubah, kekurangan makan, harta, jabatannya hilang.

Oleh karena itu, para leluhur menasihati agar orang selalu waspada. Jangan sombong kalau sedang bernasib baik, posisinya di atas. Orang sombong itu tidak baik. Kalau sedang bernasib baik, orang harus selalu ingat bahwa suatu saat bisa saja bernasib buruk. Orang harus banyak bersyukur. Orang yang banyak bersyukur akan mendapat tambahan kenikmatan dari Tuhan.

Ketika seseorang sedang bernasib buruk, tidak boleh mengeluh. Apalagi sampai menyalahkan orang lain. Tidak boleh!

Mangkono penemune Bu Umi kanggo nyapah pikire aja nganti nelangsa. Biyen nate dadi wong ora duwe, banjur dadi wong sugih. Saiki bali dadi wong mlarat. Kabeh ditampa dening Bu Umi kanthi lila legawa.

Nalika Usar Tettahu umur kira-kira rong tahun setengah, Pak Dulah nandhang gerah. Miturut dokter, Pak Dulah kena lara gula utawa diabet. Ora sawetara suwe dokter uga nelakake yen Pak Dulah nandang gagal ginjal. Mula saka iku, kudu gelem cuci darah kanthi ajeg. Wragad kanggo cuci darah kanyata ora murah. Pak Dulah kerep mlebu metu rumah sakit. Sapine kang pirang-pirang kaedol siji mbaka siji wusana entek. Gandheng sapine wis entek, Bu Umi banjur ngedoli apa wae bandha kang bisa diedol. Sawah bablas, pekarangan uga entek. Cekake, Bu Umi entek-entekan.

Usahane Bu Umi ora kurang-kurang anggone ngupiya mrih Pak Dulah bisa saras maneh. Rumah sakit uga ngupiya sabisa-bisa kanggo nylametake nyawane Pak Dulah. Takdir wus nggarisake. Pak Dulah seda.

Bu Umi sekeluarga banget sedhih atine. Udakara telung taun sawise Pak Dulah seda, Sinar Wiwaha lan Sunthi nututi.

Demikian pendapat Bu Umi untuk mengendalikan pikirannya, jangan sampai berkeluh kesah. Dahulu ia pernah menjadi orang melarat kemudian menjadi orang kaya. Sekarang melarat lagi. Keadaan itu ia terima dengan lapang hati.

Ketika Usar Tettahu berumur kira-kira dua tahun, Pak Dulah menderita sakit. Menurut dokter, Pak Dulah menderita diabet. Di waktu berikutnya, Pak Dulah dinyatakan menderita gagal ginjal. Akibatnya, Pak Dulah harus menjalani perawatan cuci darah secara berkala. Biayanya sangat besar. Pak Dulah keluar masuk rumah sakit.

Sapinya habis dijual untuk membiayai pengobatan tersebut. Bu Umi pun menjual apa saja untuk melengkapi kekurangannya. Sawah dan pekarangannya nyaris habis terjual juga. Singkat cerita, harta Bu Umi habis.

Upaya Bu Umi untuk mendapatkan kesembuhan suaminya luar biasa beratnya. Pihak rumah sakit juga berupaya keras agar Pak Dulah sembuh. Takdir telah menggariskannya.

Tuhan memanggilnya. Pak Dulah meninggal. Bu Umi begitu sedih. Namun, manusia bisa apa? Kira-kira tiga tahun kemudian, Sinar Wiwaha dan Sunthi menyusulnya.



Nalika semana ngepasi arep Riyaya Idul Fitri. Bu Umi oleh pesenan gawe tempe saka tangga teparone. Ing pangangenangene, bakal oleh asil gedhe saka pesenan kuwi

“Tulung tukua kedhele kanggo gawe tempe pesenane wong-wong, Le!” kandhane marang Sinar Wiwaha. Sing didhawuhi mangkat. Ora let suwe banjur bali maneh.

“Bu, teng peken riki boten wonten kedhele.”

“Wadhuh gek kepriye? Ya tukua menyang kutha kana. Ing pasar Gedhe rak mesthi akeh kedhele.”

“Nggih, Bu. Titip Usar, nggih. Kula tak mangkat kalih Sunthi.”

“Hiya, sing ngati-ati!”

Saat itu, menjelang Hari Raya Idul Fitri. Bu Umi merasa senang karena mendapat pesanan tempe dari para tetangga. Di benaknya, ia akan mendapat hasil besar dari dari pesanan tersebut.

“Tolong beli kedelai untuk bahan membuat tempe pesanan tetangga, Nak!” ujarnya kepada Sinar Wiwaha. Yang diperintah pun segera berangkat. Tidak lama kemudian kembali lagi ke rumah.

“Bu, di pasar dekat sini tidak ada stok kedelai.”

“Waduh, terus bagaimana? Coba beli ke kota sana! Di Pasar Gede saya yakin banyak kedelai.”

“Ya, Bu. Titip Usar, ya, Bu. Saya berangkat bersama Sunthi.”

“Ya, berhati-hatilah!”

Sinar Wiwaha lan Sunthi mangkat kanthi numpak pit. Rencanane, mengko pite dititipake ing titipan pinggir dalan yaiku ing Tembi. Ora liya ing warunge Pak Margono. Menyang kutha mengko numpak Bus Jatayu liwat dalan Parangtritis tumuju Pasar Gedhe.

Gleler-gleler Sinar Wiwaha lan sisihane ninggalke omah. Usar mimblik-mimblik kepengin melu wong tuwane. Naging kepeksa ditinggal. Pite ora kuwat yen ditumpaki wong telu. Pit kasebut mung pit lawas. Rantene meh pedhot. Yen ditumpaki, tuwuh suwara kerot-kerot. Sekrupe uga akeh sing wis kendho. Yen mlaku tuwuh suwara pating klotheke.

Sapungkure Sinar Wiwoho sakloron, Bu Umi nglipur atine Usar.

“Wis, Le. Aja sedhik, ya. Bapak ibumu arep menyang pasar tuku kedhele. Kanggo gawe tempe pesenane wong-wong kanggo keperluan Riyaya Idul Fitri. Nek kowe melu engko malah kesel. Pasare adoh. Dalane pating gronjal lan panas. Ing pasar akeh uwong jejel riyel. Wis, neng ngomah wae karo Uti, ya. Mengko dak gawekke mimik wedang legi. Kowe wis seminggu iki ora mimik wedang legi, ta? Ayo tak gawekke wedang teh legi.”

Sinar Wiwaha dan Sunthi berangkat dengan naik sepeda. Rencananya, nanti sepeda dititipkan di tempat penitipan sepeda di Tembi. Tidak lain di warung Pak Margono. Nanti naik bus Jatayu dari jalan Parangtritis menuju Pasar Gede.

Pelan-pelan Sinar Wiwaha dan istrinya meninggalkan rumah. Usar menangis karena ingin ikut. Namun, terpaksa ditinggal. Sepeda tidak akan kuat kalau dinaiki bertiga. Sepeda tersebut sudah cukup tua. Rantainya hampir putus. Kalau dinaiki timbul suara kerot-kerot. Baut-bautnya sudah banyak yang kendor.

Terdengar bunyi kltoka-klotak saat berjalan. Sinar Wiwaha berdua telah meninggalkan rumah. Bu Umi menghibur Usar agar tidak berlanjut tangisnya.

“Sudahlah, Nak. Jangan sedih. Bapak dan ibumu pergi ke pasar untuk membeli kedelai. Kedelai akan dibuat menjadi tempe. Tempe pesanan orang-orang untuk perayaan Idul Fitri. Pesanan tempe sangat banyak. Kalau ikut ke pasar, kamu nanti kelelahan. Pasarnya jauh, jalannya bergelombang, udaranya panas.

Di pasar banyak kerumunan orang. Kamu di rumah saja, ya. Nanti Uti buat teh manis. Kamu sudah seminggu tidak minum teh manis, bukan? Yok, kubuatkan teh panas, manis, kental.”

Usar ngusapi luhe, banjur nglendhot Bu Umi. Bu Umi jumangkah arep gawe wedang legi kanggo Usar. Praupane Usar malik sumringah merga rumangsa seneng arep mimik wedang legi.

“Iki, Le. Wedange wis dadi. Nandang dimimik, ya,” ujare Bu Umi karo ngulungake cangkir isi wedang. Usar nampani cangkir iku. Nalika Usar arep nyruput wedang iku, dumadakan ana suwara wong pating brengok saka njaba. Usar ora sida ngombe merga kaget lan wedi.

“Bu Umi! Bu Umi! Ketiwasan!”

“Heh, ana apa?”

“Sinar lan Sunthi nemahi kacilakan. Kesrempet truk ugal-ugalan ing kulon kampung Tembi. Saiki digawa menyang rumah sakit!”

“Oalah, Le....”

Usar mengusap air mata di pipinya, berhenti menangis kemudian bergelayut di tubuh Bu Umi. Wanita itu melangkah bermaksud membuatkan minum untuk Usar. Wajah Usar berbinar karena merasa senang akan dibuatkan teh manis.

“Ini, Nak. Teh manisnya sudah jadi. Minumlah!” ujar Bu Umi sambil menyodorkan teh manis. Usar menerimanya. Ketika Usar menarik cangkir berisi teh panas itu ke arah mulutnya, tiba-tiba terdengar suara ribut-ribut.

“Bu Umi! Bu Umi! Celaka!”

“Hah, ada apa?”

“Sinar dan Sunthi mengalami kecelakaan. Mereka terserempet truk ugal-ugalan di sebelah barat Kampung Tembi. Sekarang dibawa ke rumah sakit.”

“Oalah, Nak....”

Ora ana tembung liya metu saka lisane Bu Umi. Bu Umi tiba nggeblag, ora eling. Usar nangis kekejer. Sorene, ana mobil ambulance mlebu pekarangane Bu Umi. Ambulan iku nggawa jisime Sinar Wiwaha lan Sunthi. Dina iku uga jisim loro dikubur bareng.

Hiya lelakon kasebut sing njalari atine Bu Umi sedhik atine tekan seprene. Saben mikir jenenge Usar Tettahu, Bu Umi mesthi kelingan anake lanang lan mantune. Gawang-gawang nalika padha ngrembug jenenge bayi putune. Luh mili tekan pipi.

Sawetara iku keprungu suwara lato-lato saka kadohan. Suwe-suwe saya cedhak. Kanyata sing dolanan lato-lato iku Usar, putune lanang kang banget ditresnani. Usar mak jedhul, mesem. Enggal wae Bu Umi ngusapi luhe. Aja nganti putune iku ngerti yen utine nangis. Aja nganti rasa sedhihe dingerteni Usar.

“Uti,” Usar aruh-aruh marang simbah putrine.

“Piye? Ana apa, Le?” wangsulane Bu Umi karo gupuh nyedhaki putune kuwi.

“Aku mau diladaki kanca-kanca. Jarene jenengku ki aneh, ora umum, lucu.”

“Wis-wis, Le. Ora usah sedhik. Kene tak kandhani mungguh sejarane jenengmu kuwi. Muga-muga atimu dadi lega. Saiki wedang teh legi iki dimimik dhisik!”

Tidak ada kata terucap dari mulut Bu Umi. Ia jatuh pingsan. Usar menangis tersedu-sedu. Sore harinya, datang mobil ambulans masuk pekarangan rumah Bu Umi. Ambulans itu membawa jenazah Sinar Wiwaha dan Sunti. Hari itu juga jenazah keduanya dikubur bersamaan.

Kejadian itu yang membuat hati Bu Umi hancur hingga kini. Setiap memikirkan nama Usar Tettahu, Bu Umi teringat kepada anak dan menantunya. Terbayang jelas ketika mereka membahas nama cucunya waktu itu. Air matanya bercucuran.

“Uti,” Usar memanggil neneknya.

“Bagaimana, Nak? Ada apa?”

“Saya tadi diledek teman-teman. Katanya nama saya aneh, tidak biasa, lucu.”

“Sudahlah, Nak. Tidak usah sedih. Sini saya jelaskan asal-usul namamu! Semoga hatimu jadi lega. Sekarang teh manis ini kamu minum dulu!”

Usar mimik wedang teh legi. Gleg-gleg-gleg, katon enak banget. Bu Umi nyawang putune kanthi panyawang kebak welas. Bu Umi ambegan landhung. Nata ati, banjur nerangake bab sejarah jenenge putune kuwi.

Usar banjur meneng wae sawise ngrungoke crita iku. Mripate nyawang ing papan adoh. Adoh banget. Mripate brabak. Usar nangis mingseg-mingseg. Banjur ngruket Bu Umi kenceng.

“Uti....”

Usar rumangsa dosa dene sasuwene iki ndadak isin duwe jeneng iku. Kanyata pancen bener. Jenenge mengku pangarep-arep luhur saka wong tuwane. Wiwit dina iku, Usar ora rumangsa isin maneh diundang kanthi tembung Tahu. Usar malah mongkog yen diundang Tahu. Dheweke kepengin bisa maujudake gegayuhane swargi wong tuwane.

Usar nyrempeng anggone sinau nganti bisa kuliah ing perguruan tinggi. Dheweke lulus kanthi cum laude (lulus kanthi oleh pangalembana) saka Fakultas Pertanian, Jurusan Ilmu dan Teknologi Pangan, Universitas Gadjah Mada. Cekake crita, Usar enggal ngecakke ngelmune.

Usar minum teh manis tersebut. Glek,glek, glek, tampak nikmat sekali. Bu Umi memandang cucunya itu penuh kasih. Bu Umi menarik napas panjang. Bu Umi menata hati kemudian menjelaskan asal-usul nama cucunya itu.

Usar tak bisa berkata-kata setelah mendengar cerita tersebut. Pandanganya menerawang jauh. Jauh sekali. Matanya berkaca-kaca. Selanjutnya meledaklah tangisnya. Ia pun memeluk erat Bu Umi. Usar merasa sangat berdosa karena telah punya rasa malu terkait nama dirinya. Ternyata benar. Nama Usar Tettahu mengandung cita-cita luhur orangtuanya. Sejak hari itu, Usar tidak merasa malu lagi kalau dipanggil dengan panggilan Tahu.

Usar sangat bersemangat dalam belajar sehingga dapat melanjutkan kuliah. Ia lulus dengan predikat cum laude (lulus dengan banyak pujian) dari UGM, Fakultas Pertanian jurusan Ilmu dan Teknologi Pangan. Usar pun segera menerapkan ilmunya.



Usar miwiti gawe tempe banjur diedol dhewe menyang warung-warung. Usahane cepet ngrembaka. Merga kewalahan, Usar ngingu karyawan. Usahane saya maju, karyawane tambah, tambah, lan tambah. Banjur uga gawe tahu. Usaha iki uga kasil ngrembaka. Mula banjur bisa tuku mesin-mesin produksi sing modern. Ana mesin giling, mesin kemasan, mesin olah, lan liya-liyane. Usar uga tuku mobil kanggo masarake tahu lan tempe asil usahane.

Usahane Usar pungkasane dadi gedhe lan kawentar. Usar bisa kirim tempe lan tahu menyang mancanegara, kaya ta : Jepang, Taiwan, Arab Saudi, Jerman, lan Belanda.

Wektu lumaku kanthi cepet banget. Jarene wektu lumaku kaya bantere angin. Wong-wong kaya-kaya ora krasa.

Semono uga kang dilakoni Usar Tettahu. Saiki umure wus tuwa, wus duwe anak putu. Ana bab kang pantes katuladha sapa wae saka pribadhine Usar. Senajan wus dadi pengusaha kondhang, watake Usar ora owah. Tetep grapyak sumanak. Tetep seneng sedhekah. Tetep mepeng ngibadah. Tetep sengkut nyambut gawe. Dheweke ora leren anggone mekarake perusahaane.

“Urip sepisan kudu migunani marang sapa padha-padha. Ora kena lali marang Sing Maha Kuasa. Ngoni wanti-wantine Usar Tettahu marang anak putune.

Ia mulai membuat tempe. Tempe dijual sendiri ke warung-warung. Usahanya berkembang pesat. Karena permintaan konsumen semakin besar, ia kewalahan. Ia pun merekrut tenaga sebagai karyawan untuk membantu usahanya.

Usahanya semakin maju. Selanjutnya, selain memproduksi tempe, ia juga memproduksi tahu. Itu pun juga berkembang pesat. Dibelinya mesin produksi yang lebih modern. Ada mesin giling kedelai, mesin kemasan, mesin olah, dan sebagainya.

Ia membeli mobil untuk lebih memperluas pemasaran tempe dan tahu buaatannya. Perusahaan milik Usar semakin besar dan terkenal. Ia juga mengekspor produk perusahaannya. Di antaranya ke Jepang, Taiwan, Arab Saudi, Jerman, dan Belanda.

Waktu berjalan begitu cepat. Ada yang mengatakan bahwa waktu berjalan secepat angin. Orang-orang seakan tidak merasakannya. Begitu juga yang dialami Usar. Tidak terasa kini ia telah menjadi orangtua. Ia telah beranak cucu.

Ada hal yang pantas diteladani darinya. Meskipun sudah menjadi pengusaha besar dan terkenal, wataknya tidak berubah. Ia tetap ramah kepada siapa pun. Ia tetap senang bersedekah. Ia tetap bersemangat dalam beribadah. Ia tetap rajin bekerja. Dia tidak berhenti mengembangkan perusahaannya.

“Hidup sekali harus berguna bagi sesama. Jangan sampai lupa kepada Yang Maha Kuasa.” Begitu nasihat Usar Tettahu kepada anak cucunya.





Biodata

Biodata Penulis dan Penerjemah

Suwarsidi telah menulis di media massa sejak 1988. Dalam menulis dia menggunakan nama samaran Gatot Suwarsidi dan paling sering menggunakan nama eSWe Sidi. Tulisannya berupa feature, berita, mimbar agama, cerita gaib, puisi, cerpen, cerita anak, naskah drama dan banyak lagi. Anda bisa lebih dekat dengan penulis ini dengan mengunjungi fb eSWe Sidi, IG: eSWe Sidi, You tube : eswe sidi, web: eswesidi.my.id, blog: eswesidijawa.blogspot.com.

Biodata Ilustrator

Halo! Saya Sabrina awanis biasa dipanggil Sabrina, saya adalah seorang ilustrator freelance dan perancang karakter yang berbasis di Indonesia. Biasa mengilustrasikan cerita dan membuat konsep karakter . Saat ini, saya membuat ilustrasi untuk berbagai klien, mulai dari desain karakter, ilustrasi wedding, dekorasi ruang, NFT, hingga buku anak-anak dan stiker. Fokus utama saya adalah ilustrasi anak-anak dalam penerbitan, serta desain karakter untuk acara televisi, merek, dan klien individual.

Hubungi saya melalui email dinisabrinaa@gmail.com dan juga intip karya saya pada link berikut https://www.instagram.com/sabrina_awanis/ hit me on dm!

Biodata Penyunting

Penyunting naskah ini Joko Sugiarto yang bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta mulai tahun 2016. Sebelum bertugas di Balai bahasa Provinsi DIY, penyunting mengabdikan diri kepada negara dengan bertugas di Balai Bahasa Banda Aceh mulai tahun 2000 sampai dengan 2004. Pada tahun 2005 penyunting memperkuat tim penyusun bahan ajar bahasa Indonesia bagi penutur asing (BIPA) di Pusat Pembinaan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.

Saat ini penyunting menjadi tenaga kebahasaan yang berkonsentrasi pada pembinaan kebahasaan. Tugas yang diemban meliputi penyuluhan kebahasaan, penyuntingan, dan bantuan tenaga kebahasaan dalam penanganan perkara yang berkaitan dengan penggunaan bahasa.



MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Usar Tettahu

Seorang anak merasa aneh terhadap nama dirinya, yaitu “Usar Tettahu”. Si anak protes dan ingin berganti nama. Sang nenek berkebaratan, namun tidak mau menjelaskan alasannya. Ternyata sang nenek menyimpan rahasia sejarah pait terkait asal mula nama tersebut. Pada akhirnya, sang nenek bercerita mengenai asal usul nama tersebut. Si anak akhirnya menerimanya karena ternyata nama tersebut mengandung filosofi yang tinggi.



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, Dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**

ISBN 978-623-112-470-8 (PDF)



9 786231 124708